

Pouvwa transfòman lafwa ak karaktè (entegrite moral ak bonte)

Pa Èldè Richard G. Scott

Nan Kolèj Douz Apot yo

*Yon lavi jis, konsistan pwodui yon pouvwa ak fòs enteryè ki kapab toujou reziste anba enfliyans wonjè peche ak transgresyon.*

Lè nou byen konpran lafwa epi nou byen itilize li, li gen gwo efè puisan. Kalite lafwa sa a kapab transfòme lavi yon moun soti nan aktivite òdinè, komen chak jou yo pou rive nan yon senfoni lajwa ak bonè. Egzèse lafwa vital nan plan bonè Papa nou ki nan Syèl la. Men vrè lafwa, lafwa ki mennen nan sali a, santré sou Senyè Jezikri, lafwa nan doktrin ak ansèyman l yo, lafwa nan gidans pwofesik moun Senyè a wen yo, lafwa nan kapasite pou dekouvri karakteristik ak trè kache ki ka transfòme lavi. Vrèman, lafwa nan Sovè a se yon prensip aksyon ak pouvwa.

Lafwa se blòk fondasyon kreyasyon. Mwen sèten ke Sovè a, Jezikri, itilize lafwa nan wòl li pou aji sou direksyon Papa a nan Syèl la. Mèt la te itilize li pou kreye piò galaksi yo osibyen pou konpoze ‘quark’, ti eleman matyè ki pi piti nou konnen jodi a. Men, mwen gen lafwa ke gen lòt eleman matyè pi piti nan mèvèy kreyasyon an.

Lafwa nan lefiti demonstre pa yon koup ki sele nan tanp. Yo konprann ke nan obeyi ansèyman Jezikri yo ak plan bonè Papa nou ki nan Syèl la, yo ka gen yon bél lavi ansanm. Yo rekonèt ke lè diffikilte ki la kòm opòtinite pou grandi yo vini, y ap jwenn mwayen, jan yo enspire pa Sentespri a, pou simonte yo nan fason ki pwodiktif ak bati karaktè.

Lafwa ak karaktè relye anpil anpil. Lafwa nan pouvwa pou obeyi kòmandman Bondye yo ap fòje fòs karaktè ki disponib pou nou nan tan bezwen ijan yo. Kalite karaktè sa a pa devlope nan moman gwo difikilte oswa tantasyon. Sa se lè yo te prepare l pou l itilize. Egzèse lafwa nan vrè prensip yo bati karaktè; fòtifye karaktè grandi kapasite nou pou egzèse plis lafwa. Kòm rezulta, kapasite nou ak konfyans nou pou simonte eprèv yo ogmante. Plis karaktè nou fòtifye, se plis nou kapab benefisyé nan egzèse pouvwa lafwa a. N ap vin dekouvri kijan lafwa ak karaktè mache youn ak lòt pou youn fòtifye lòt. Karaktè tise avèk pasyans ak fil prensip, doktrin ak obeyisans aplike.

Prezidan Hugh B. Brown te di: “Kèlkeswa kote gran valè espirityèl ap tann lèzòm, sèlman lafwa kapab apwopriye yo. Lòm pa ka viv san lafwa, paske nan avanti lavi li, pwoblèm santral la se bati karaktè---ki se pa yon pwodui ki soti nan lojik, men ki soti nan lafwa nan ideyal ak devosyon plen sakrifis anvè yo.” (nan Conference Report, Okt. 1969, 105). Nou egzèse lafwa lè nou fè sa Joseph Smith te di a ke “lafwa [se] prensip aksyon ak pouvwa” (*Lectures on Faith* [1985], 72).

Nou vin sa nou vle ye a lè nou konstaman *rete* sa nou vle *devni* an chak jou. Karaktè ki jis se yon manifestasyon presye sou sa nou ap devni. Karaktè ki jis pi valab pase tout bagay materyèl nou posede, tout konesans nou akeri atravè etid, oswa tout bi nou atenn kèlkeswa louwanj limanite banou. Nan lavi apre a karaktè jis nou apral evalye pou detèmine kijan nou te itilize privilej mòtalite a.

Ni Satan ni okenn lòt pouvwa pa ka detwi ni diminye karaktè w k ap grandi a. Se sèlman ou menm ki kapab fè sa atravè dezobeyisans. Yon karaktè remakab konvèti vin tounen sann lè twonpri oswa transgresyon wonje li.

Karaktè moral solid soti nan chwa kòrèk konsistan nan eprèv ak tès lavi yo. Kalite chwa sa yo fèt avèk konfyans nan kwayans nou yo, e lè nou aji selon kwayans sa yo, yo konfime.

Ki kèk nan prensip fòtifyan ki fòme baz lafwa?

- Konfyans nan Bondye ak nan dispozisyon li pou banou èd lè nou bezwen kèlkeswa jan sitiyasyon an difisil.
- Obeyi kòmandman l yo ak yon lavi ki demonstre ke li ka fè nou konfyans.
- Santi enspirasyon pezib Sentespri a.
- Aplike enspirasyon sa a avèk kouraj.
- Pasyans ak kompreyansyon lè Bondye kite nou lite pou nou ka grandi ak lè repons yo vini yon ti jan apre yon long peryòd.

“Lafwa se bagay moun espere san yo pa wè; se poutèt sa, pa diskite paske w pa wè, paske w pa p ap resevwa temwayaj jistan lafwa ou pa fin teste” (Etè 12:6). Konsa, chak fwa nou “teste lafwa nou”---ki se, aji nan diyite sou yon enpresyon---n ap resevwa prèv konfiman Lespri a. Lè nou aji selon pi bon kompreyansyon nou de bagay yo men nou ankò pa sèten kisa pou n fè, si nou egzèse lafwa, n ap dirije pou n jwenn solisyón nou pap jwenn nan okenn lòt fason. Menm lè lafwa nou solid anpil, Bondye pa p toujou rekonpanse nou imedyatman dapre dezi nou. Men, Bondye ap reponn avèk sa ki, nan plan etènèl li a, ap pi bon pou nou, lè l pral vin tounen pi gwo avantaj pou nou. Se pou nou rekonesan dèské pafwa Bondye kite nou lite pandan yon bon kou tan anvan repons sa a vini. Sa lakoz lafwa nou ogmante epi karaktè nou grandi.

Fondasyon karaktè se entegrite. Karaktè diy ap fòtifye kapasite pou rekonèt direksyon Lespri a ak obeyi li. Egzèsis lafwa konsistan ap bati karaktè solid. Yon fondasyon asire pou karaktè k ap grandi chita nan fè Jezikri ak ansèyman l yo vin sant lavi nou.

Bonè nou sou tè a, osibyen ke sali etènèl nou, mande anpil desizyon kòrèk, okenn nan yo pa difisil pou n pran. Ansanm, desizyon sa yo fòje yon karaktè k ap reziste anba enfliyans wonjè peche ak transgresyon. Karaktè nòb se tankou yon pòslèn chè ki fèt avèk materyèl brit chwazi, ki fòme avèk lafwa, fabrike avèk atansyon pa zak dwat konsistan, epi chofe nan fou eksperyans edifyan. Se yon objè gran bote ak valè presye. Men li ka detwi nan yon segond pa transgresyon, sa ki mande efò douloure pwolonje pou rebati li. Lè l pwoteje pa kontwòl tèt, karaktè jis ap andire pou letènité.

Bagay materyèl yo an yo menm pa pwodui bonè ak satisfaksyon ak lajwa nan reyalizasyon sou latè. Ni yo pa mennen nan egzaltasyon. Se noblès karaktè, ki se fòs enteryè ak konviksyon ki fòme nan pran desizyon jis tout tan, ki bay lavi direksyon. Yon lavi konsistan, dwat pwodui yon pouvwa ak fòs enteryè ki kapab reziste an pèmanans kont enfliyans wonjè peche ak transgresyon. Lafwa nou nan Jezikri ak obeyisans nou nan kòmandman yo ap fòtifye karaktè nou. Karaktè nou se yon mezi sa nou devni. Li se prèv fason n ap itilize tan nou sou tè a nan jou eprèv mòtèl nou yo.

Yon pwovèb nou tout konprann se ‘kantite nou peye se kantite nou jwenn’. Sa egalman vrè pou bagay espirityèl yo tou. Nou jwenn sa nou peye nan obeyisans, nan lafwa nan Jezikri, nan aplike sa nou aprann yo avèk diliyans. Sa nou jwenn se karaktè modle, kwasans nan kapasite nou, ak akonplisman total egzistans

nou isit la, ki se pwogrese nan pase eprèv ak ak gen lajwa.

Nou pa kapab rete pasif nan lavi, sinon, lòm natirèl la ap diminye efò n ap fè pou n viv diy. Sa nou fè ak sa nou panse se sa nou devni. Mank karaktè mennen yon moun nan presyon pou satisfè apeti li oswa chèche gen pèsonèl. Nou pa kapab bouste yon karaktè fèb avèk manto pretèks.

Lè a ap rive-kote yon moun ki pran desizyon baze sou sikonstans ap sètènman komèt gwo transgresyon. Pa gen bafè verite pou kenbe moun sa a nan bon chemen an. L ap toujou fè fas ak ampil tantasyon sibtil pou fè l devye soti nan kòmandman yo. Yo jwenn jistifikasyon pou chwa sa yo nan deklare ke yo pa move, ke yo pi sosyalman akseptab epi yo bay gwo kantite zanmi. Yon moun entelijan ki san prensip debaz kapab pafwa tanporèman reyalize gwo akonplisman. Men reyalizasyon sa a se tankou yon chato sab. Lè tès karaktè a rive, li tonbe, souvan li rale lòt avèk li. Menmsi yon transgresè pran tout prekosyon pou kache ke l ap vyole kòmandman yo, moman ap rive kote sa pral koni piblikman. Satan limenm ap asire l pou sa rive. Li menm ak disip li yo detèmine pou kreye pi gwo mal posib pou chak pitit Papa nou ki nan Syèl la. Yon gwo zak dezobeyisans oswa vyolasyon konfyans toujou soulve kesyon pou mande si pa gen lòt toujou. Lafwa ak konfyans lòt moun nan karaktè moun sa a diminye.

Lavi mòtèl sa a se yon teren pou n pase tès. Fason nou fè fas ak difikilte yo detèmine kijan karaktè nou pral solid. Lafwa nou nan Jezikri ak nan ansèyman l yo fòtifye karaktè nou.

Mwen pèsonèlman verify eke konsèp tankou lafwa, priyè, lanmou, ak imilite pa gen gwo siyifikasyon ni pwodui mirak si yo pa vin fè pati lavi nou atravè pwòp eksperyans nou, ede pa enspirasyon Sentespri a. Bonè nan lavi, mwen te twouve ke m te ka aprann ansèyman levanjil yo entelekyèlman epi, pa pouvwa larezon ak analiz, m te ka rekonèt ke yo ti gen valè siyifikan. Men gwo pouvwa ak abilte yo pou te fè m ale odela limit imajinasyon m ak kapasite mwen pa t vin reyalite pou mwen pazavan pratik pasyan, konsistan te pèmèt Sentespri a distile ak vide siyifikasyon yo nan kè mwen. M te twouve ke pandan m te sensèman ap sèvi lòt moun, Bondye te fòje karaktè pèsonèl mwen. Li te pwodui yon kapasite kwasan pou rekonèt direksyon Lespri a. Jeni plan levanjil la sèke nan fè bagay Senyè a konseye nou pou nou fè yo, nou resevwa tout konpreyansyon ak tout kapasite ki nesesè pou pote lapè ak bèl akonplisman nan lavi sa a. Menmjan tou, nou akeri preparasyon nesesè pou bonè etènèl nan prezans Senyè a tou.

Yon temwayaj fòtifye pa enpresyon espirityèl ki konfime validite yon ansèyman oswa yon aksyon ladwati. Souvan gidans sa a akonpaye pa emosyon puisan ki mennen dlo nan je e ki rann difisil pou n pale. Men yon temwayaj se pa emosyon. Se vrè esans karaktè nou, ke nou kreye apati desizyon kòrèk san konte. Chwa sa yo fèt avèk lafwa konfyans nan bagay nou kwè yo epi, omwen nan kòmansman, sa nou pa wè yo. Yon temwayaj solid bay lapè, rekonfò, ak asirans. Li mennen konviksyon ke lè nou konstaman obeyi ansèyman Sovè a, lavi ap bèl, demen ap gen sekirite, epi n ap gen kapasite pou simonte difikilte k ap kwaze wout nou yo. Yon temwayaj grandi apati konprann laverite, ki vini tikal pa tikal soti nan priyè ak meditasyon sou doktrin ekriti yo. Li nouri pa mwayen viv verite sa yo avèk lafwa ankre nan konfyans sèten ke n ap jwenn rezulta yo pwomèt yo.

Temwayaj nou ap vin solid lè nou volontèman obeyi lwa dim nan ak pa ofrann jèn, epi Senyè a ap beni nou anpil pou sa. Amezi temwayaj nou ap fòtifye, Satan apral eseye pi plis pout ante nou. Reziste anba efò l yo. N ap vin pi solid epi enfliyans li sou nou ap febli.

Enfliyans san rete Satan genyen nan mond lan se pou pèmèt nou gen yon atmosfè kote n ap pwouve tèt nou. Pandan ke l ap lakoz ravaj jodia, destine final Satan te fikse pa Jezikri atravè Ekspsyasyon li ak Rezirèksyon li. Dyab la pap triyonfe. Menm kounyeya li oblige opere andedan limit Senyè a etabli. Li pa ka pran okenn benediksyon nou merite. Li pa ka chanje karaktè ki kreye apati desizyon kòrèk. Li pa gen okenn pouvwa pou detwi lyen etènèl ki fòje nan sen tanp ant yon mari, madam ni, ak pitit li. Li pa ka ebranle vrè lafwa. Li pa ka pran temwayaj nou. Wi, nou ka pèdi bagay sa yo si nou sikonbe anba tantasyon l yo. Men li pa gen okenn pouvwa an li menm ak pa li menm pou detwi nou.

An rezime:

Bondye itilize lafwa nou pou modle karaktè nou.

Karaktè se yon manifestasyon sa nou ap devni.

Karaktè solid soti nan chwa kòrèk konsistan.

Fondasyon karaktè se entegrite.

Plis nou fòtifye karaktè nou, se plis n ap kapab egzèse pouvwa lafwa.

Imilite se kalite ki pèmèt resevwa ansèyman nan men anwo atravè Lespri a, oubyen resevwa ansèyman nan sous ke orijin yo sete enspirasyon nan men Senyè a, tankou ekriti yo ak pawòl pwofèt yo. Imilite teren fètil, presye ki devlope karaktè dwat. Nan li, gress kwasans pèsònèl yo jèmen. Lè nou kiltive l pa mwayen egzèse lafwa, wouze avèk repantans, epi fòtifye pa obeyisans ak bon zèv, gress sa yo pwodui bél fwi direksyon espirityèl. Lè sa a, enspirasyon ak pouvwa divin se rezulta a---enspirasyon pou konnen volonte Senyè a, pouvwa pou pwodui kapasite pou akonpli volonte enspire li.

Kite m pataje avèk nou kat prensip ki te pote santiman lapè ki pi pwofon ak bonè nan pwòp lavi pa mwen. Senyè a etabli prensip fondamantal sa yo nan plan etènèl li a, e yo chak esansyèl. Tout travay ansanm an amoni epi youn ranfòse lòt. Lè yo aplike avèk dilijans ak konsistans, yo pwodui fòs karaktè., yo ogmante kapasite pou konvèti difikilte lavi yo vin tounen-wòch fondasyon bonè-kounyeya ak pou tout tan. Yo se:

Lafwa nan Senyè Jezikri ak pwogram ni pou nou ka akeri pouvwa akonplisman an.

Repantans pou rektifye konsekans peche omisyon ak komisyon.

Obeyi kòmandman Senyè a pou ba nou fòs ak direksyon nan lavi nou.

Sèvis dezenterese pou anrichi lavi lòt moun.

Si nou detèmine pou n viv jis, pa dekoraje. Lavi gen dwa parèt difisil kounyeya, men, kenbe bafè verite a fèm. N ap fè plis pwogrè ke nou reyalize. Lit nou yo se karaktè, disiplin, ak konfyans defini nan pwomès Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè a si nou konstaman obeyi kòmandman yo bay yo. Se pou Sentespri a pouse nou pou n toujou pran desizyon k ap fòtifye karaktè nou e ki mennen anpil lajwa ak bonè. Nan non Jezikri, amèn.